Маршо Радио

View the original article

КЕРЛАНАШ

# Севастополехь шен хиллачу хIусамнанна йиттина Нохчийчуьра вахархочо. Кадыровга орца доьху цо

Гезгмашин-бутт 25, 2026




Гайтаман сурт

Аннекси йинчу Севастополехь шен хиллачу зудчунна йиттина Нохчийчуьра вахархочо, дIахьедина "Нана йоцу Кавказ" бакъоларйаран проекто. Хиллачух лаьцна видео а зорбане йаьккхина цара.

Бакъонашларйархойн хаамашца, доьзалехь ницкъбан волавелла хилла Хачукаев Хизир, шен хIусамнана дуьххьара доьзалхочух хилча дьуйна. КIант дуьненчу ваьллачул тIаьхьа Нохчийчуьра вахархочо йиттинера зудчунна телефон дIайузучу сераца, лога тIе урс хIоттийна, кхерамаш а тийсинера. Маргаритас (фамили шен йовзийтина йац йоIа.-Редакцин билгалдаккхар) йиттинчул тIаьхьа шена тIера

таммагӀийн, ларийн суьрташ даьхна, полицига дӀахьединера, амма цигахь шайн чохь хилла дара-дацар ду аьлла, кхин терго а ца йинера цара.

И йоӀ йитинчул тӀаьхьа а цунна тӀаьхьара волуш ца хиллера Хачукаев: урамехь иза ларйеш, тӀера бедарш этӀош, йетташ, цуьнан хӀусам чу вала гӀерташ, цунна бевза-безачу нахехула иза йолчу меттигна тӀекхиа а гӀиртинера. Севастополь гӀали йуккъехь Маргаритина тӀелеттера иза гезгамашин-беттан 12-чу дийнахь. Цуьнан корта а лазийнера, даим а коьрто хьийзош йолчу цуьнга хӀинца болх а ца бало. ЙоӀа йуха а дӀахьедина полицига, хаамбо бакъонашларйархоша

Волайнхочо орца дехна Нохчийчоьнан урхалхочуьнга Кадыров Рамзане: "Аса ца доьху ахча, йа къурд алийта а ца гӀерта. Ас доьхург цхьа хӀума ду - сайн гӀалахь маьрша, цхьана а хӀуманах кхера а ца кхоьруш йаха лаьа суна. Сайн бераш лачкъон там бара бохуш, са а ца гатдеш".

- Бакъонашларйархошна хааделлачу суьртаца, Оьрсийчохь доьзалехь ницкъбар кхаьсттина дукха нисло кху тӀаьххьарчу ворхӀ шарахь Къилбаседа Кавказехь. Иштта хьесап дина Ad Rem тобано шайн рапортехь. Шаьш цӀера бевддачу нахана кхерам лаьттина ца Ӏаш, хьовзам болу цунах кризисан тобанийн белхахошна а цхьаьна. Тхан редакцино йаздира оцу регионехь доьзалехь ницкъ латторах лаьцна шен материалехь.
- Нохчийн зударшна тӀехь ницкъбар чӀогӀа ира дуьсуш хаттар ду регионехь а, цул арахьа а. Бала хьегначу махкарчу зударех лаьцна дийцарша тоьшалла до "ламасташца" а, тӀера бӀаьрг ца боккхуш латточу тергонца а, бакъонаш Ӏалашйеш цахиларца а йоьзна кӀорггера проблемаш хиларх. Дозанал арахьа а шаьш маьрша а, паргӀат а ду аьлла ца хета царна.
- Хиллачу хӀусамдас берех йаьккхина, уьш ца гойтуш хьийзош йу Краснодарера йахархо, къайлах Къилбаседа ХӀирийчохь царна регистраци а йайтина. Кучиева Евгенияна тӀе а тевжина, оцу хьолах лаьцна "Нана йоцу Кавказ" проекто дийцина.
- Хиллачу хӀусамдас бехкаш дехкина лаьцна Дагестнера йахархо Гарунова Джамиля шина берех йаьлла. ЦӀийндас къизаллица йетташ хиллера цунна, ша йуьйр йу бохуш, кхерамаш а туьйсуш. Цо йеттар бахьана долуш багахь кхеманаш ду цуьнан, ткъа хье чохь йиллина эчиган конструкци йу.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю